



# FASON POU REKONÈT mo ak lèt pou devlope sèvo

Gen lèt ak mo tout kote nou ye! Lonje dwèt sou yo epi fè moman chak jou yo vin moman devlopman sèvo tou!




## Afiche yon tablo alfabè a

W ap fè lèt yo vin pi fasil pou rekonèt epi w ap gen yon referans lè w ap pale osijè lèt yo ak son yo.

Aa	Bb	Cc	Dd	Ee	Ff
alligator	bear	cat	donkey	elephant	flamingo
Gg	Hh	Ii	Jj	Kk	Ll
giraffe	hippopotamus	iguana	jaguar	kangaroo	lion
Mm	Nn	Oo	Pp	Qq	Rr
macaw	newt	ostrich	pig	quail	rhinoceros
Ss	Tt	Uu	Vv	Ww	Xx
sheep	tiger	uriel	vole	wolf	x-ray tetra
Yy	Zz				
yak	zebra				

## Devlope sansibilizasyon pou mo pou li

Mete lejann sou mo "tab" oswa "chèz" oswa "pòt" yon fason pou tout mo a ka konekte avèk yon objè yo abitye wè.




## Ale nan yon **RECHÈCH SOU ALFABÈ**

Gen lèt ak mo tout kote nou yo. Gade yo ansanm lè w ap achte, lè w ap mache, lè w ap manje nan yon restoran oswa lè ou nan yon vwati, otobis oswa metwo.

- A** Jwenn twa (3) lèt
- B** Konte kantite fwa ou kapab jwenn chak lèt
- C** Ki lèt ou te jwenn pi plis?
- D** Ki lèt ou te jwenn mwens?

**A B C D**



Di nou kijan ou te itilize lide sa yo oswa kijan ou pataje kèk nan lide pa ou nan:  
[/BrainBuildingInProgress](https://www.facebook.com/BrainBuildingInProgress)

[BrainBuildingInProgress.org](http://BrainBuildingInProgress.org)



Department of  
Early Education and Care





# EKRITI pou devlope sèvo



Lè timoun yo wè adilt k ap ekri, yo aprann sa se yon ladrès ki enpòtan. Men kijan pou moman chak jou vin moman pou devlope sèvo tou!



## Montre ou se yon modèl

- Lè ou voye yon imèl oswa lè ou ranpli yon fòm, pale sou sa w ap fè a.
- Ekri lis yo ansanm, ranpli yon almannak oswa ekri yon lèt pou voye ba yon zanmi.

## Ankouraje ekriti

- Mete papye, kreyon, kreyon koulè oswa makè disponib, epi kote ki fasil pou jwenn.
- Pote yo lè pral yon kote.



## Fè yon liv alamen

- Se kapab yon istwa yo imajine avèk desen pa yo.
- Oswa, rakonte yon istwa sou fanmi, zanmi, bêt kay oswa yon evènman avèk foto. Ansanm, w ap kreye yon souvni pandan w ap ankouraje yon konpreyansyon liv yo, pati liv yo ak metòd lekti a.

Pran plezi nou ansanm!

- 1 Ranpli yon plato biskwit avèk krèm pou fè labab oswa avèk sab epi trase lèt yo.
- 2 Ekri mo yo ansanm sou yon miwa oswa fenèt ki imid.
- 3 Fè yon konvèrsasyon sou fason kalite ekriti sa a sanble diferan avèk ekriti ki fêt avèk yon kreyon oswa kreyon koulè.



BRAIN  
BUILDING  
IN PROGRESS



Di nou kijan ou te itilize lide sa yo oswa kijan ou pataje kèk nan lide pa ou nan:  
[/BrainBuildingInProgress](https://www.facebook.com/BrainBuildingInProgress)

[BrainBuildingInProgress.org](http://BrainBuildingInProgress.org)



Department of  
Early Education and Care





# DEVELOPMAN ti men pou devlope sèvo

Ti men yo bezwen solid pou yo kenbe zouti pou ekri epi pou fòme lèt yo akli. Men kijan pou devlope pwen fò sa a pandan w ap fè moman chak jou yo vin moman devlopman sèvo tou!



## Devlope miskilati avèk yon "egzèsis fizik" pou ekri

- Peze boul pat pou modle.
- Konte kantite "repetisyon" nou toulède kapab fè.



## Krake! Kraze! Eklate!

Fè ti bwi pandan w ap devlope miskilati yo.

- Ti men yo renmen krake pwa vèt oswa pwa ki nan gous.
- Chire epi kraze plizyè kalite papye.
- Eklate papye boul lè ki vini nan yon anbalaj.
- Pale sou tout diferan son ou fè ak fason men ou kapab fè bwi




## Pran plezi nou nan eksperyans lan

Koupe papye, pat pou modle, mous, twal oswa lòt materyèl (avèk sizo sekirite ki gen gwosè pou timoun itilize) fè miskilati men vin pi fò epi devlope kowòdinasyon men-zye.

- Kòmanse fè pratik louvri epi fèmen sizo a.
- Mande kijan li santi li pou koupe yon moso papye.
- Èske li santi li diferan nan koupe pat pou modle a oswa mous la?

## Swiv èras yon sizo!

Trase liy dwat, chemen ki gen toubyion oswa chemen an zigzag epi koupe toutolon yo avèk sizo. Devlope nan chemen oswa modèl ki pi konplike oswa nan papye ki pi epè tankou sache pwovizyon oswa bwat sereyal.



Di nou kijan ou te itilize lide sa yo oswa kijan ou pataje kèk nan lide pa ou nan:  
[/BrainBuildingInProgress](https://www.facebook.com/BrainBuildingInProgress)

[BrainBuildingInProgress.org](http://BrainBuildingInProgress.org)



Department of  
Early Education and Care





# FASON POU KONTE pou devlope sèvo

Jèn timoun yo aprann nouvo ladrès matematik ki enpòtan. Ede yo vin sensibilize nan chif nan monn ki toutotou yo. Men fason pou fè moman chak jou yo vin moman pou devlope sèvo tou!



## Montre chif yo se yon pati lavi chak jou

- Konte, ekri chif ak solisyon pwoblèm pandan w ap fè bagay yo chak tou oswa pandan w ap fè acha.
- Remake chif yo lè ou wè yo – nan adrès yo, pri yo ki nan yon magazen oswa sou yon klavye oswa nan telefòn.
- Poze kesyon tankou, “Si mwen gen de (2) pòm, èske mwen gen plis pòm pase yon moun ki gen sis (6) pòm?”



## Konte awotvwa ansam

- Afiche yon tablo ki gen chif, menm jan tou ta fè pou alfabè a.
- Lonje dwèt ou sou li lè chif yo vini nan konvèrsasyon an. Swiv liy chif yo nan lòd, pandan w ap lonmen yo chak.

## Devlope Sèvo a avèk Chif yo

**Nan vvati:** Konte kantite fwa ou wè pano oswa objè. Kòmanse konte lè ou antre nan yon tinèl pou wè kantite chif li pran pou rive nan pwent lan. Li chif ki sou pano yo awotvwa.

**Nan yon boutik ki vann manje angwo:** Konte kantite pyès fwi ou achte pandan w ap mete yo nan sache a. Fè “moun k ap ede a” dechaje charyo a epi konte kantite atik ou achte.

**Sou teren jwèt la:** Konte pandan w ap pouse balanswa a. Trase chif nan sab ki nan bwat sab la. Poze kesyon tankou, “Konbyen timoun k ap jwe sou gliswa a?”

**Lè w ap pwomennen:** Konbyen pa li pran pou soti isit pou ale laba? Jwenn nimewo ki nan kay yo, oswa konte konbyen vvati oswa pyebwa ou wè.

**BRAIN  
BUILDING  
IN PROGRESS**



Di nou kijan ou te itilize lide sa yo oswa kijan ou pataje kèk nan lide pa ou nan:  
[/BrainBuildingInProgress](https://www.facebook.com/BrainBuildingInProgress)

[BrainBuildingInProgress.org](http://BrainBuildingInProgress.org)



Department of  
Early Education and Care





# Pou pale sou SANTIMAN pou devlope sèvo


Konvèsasyon yo ede devlope sèvo yon jèn timoun. Konvèsasyon ou fè konsènan santiman ap ede devlope ladrès sosyo-emosyonèl ki enpòtan. Timoun ki kapab rekonèt epi eksprime santiman yo ap prepare pi byen pou lekòl matènèl. Men kijan pou fè moman chak jou sa yo vin moman pou developman sèvo tou!

## Solisyon pwoblèm


Ede yon timoun ki fache oswa fwistre rezoud pwoblèm. Sijere estrateji tankou patisipasyon answit, jwenn yon lòt jwèt, oswa fè yon chwa diferan. Jwe wòl pou pratike ladrès pou rezoud pwoblèm. Sa ap ede yo pandan y ap devlope zanmitay epi angaje nan lekòl.

## Pale sou santiman

Itilize desen figi ki anba la a pou lonmen epi konprann santiman ak santiman lòt moun. Afiche li toupre yon miwa pou timoun yo kapab wè ekspresyon nan figi yo, oswa konpare li avèk desen pèsonaj ki nan liv yo.



Sous: « Center on the Social Emotional Foundations of Early Learning »  
<http://csefel.vanderbilt.edu/modules/2006/feelingchart.pdf>





# Lekti pou devlope sèvo

Konvèsasyon ak komunikasyon ale-vini ki fèt lè nou li ansanm ap devlope sèvo yon jèn timoun. Men fason pou fè moman chak jou vin moman pou devlope sèvo tou!



## PRAN PLEZI NOU ANSANM!

**★ Chwazi liv ki adapte avèk enterè ou –**

kit se dinozò, kamyon, ti chen oswa prensès, yo tout ap pi angaje.

**★ Rilaks!** Si ptit ou ap bouje oswa si li pa ka kenbe kò li anplas, sa pa vle di li pa tandé.

Pou kèk timoun, lè yo bouje kò yo sa ede ou konsantre. Pa gen pwoblèm si yon timoun pa chita pandan yon istwa okonplè.

**★ Prepare ou pou li menm liv la anpil fwa.** Si ou sonje istwa yo pakè sa kapab souvan yon premye eta pou vin yon lektè.

Di nou kijan ou te itilize lide sa yo oswa kijan ou pataje kèk nan lide pa ou nan:  
[/BrainBuildingInProgress](https://www.facebook.com/BrainBuildingInProgress)

Aprann plis bagay epi jwenn lòt aktivite, evènman ak resous nan:

[BrainBuildingInProgress.org](http://BrainBuildingInProgress.org)



## Analiz liv la anvan nou li liv la awotvwa

- A Gade kouvèti devan an.
- B Pale sou sa ou panse ki pral pase nan liv la.


## Fè atansyon a desen yo

Jèn timoun yo itilize endis ki nan desen yo pou ede konprann istwa yo, travay sou yo, sonje yo epi rakonte yo kòm baz pou aprann li. Fè yon “desen pwomnad” epi diskite sou sa ou wè nan chak paj. Gade desen yo epi mande yo pou di ou kisa yo panse k ap fèt.

## Eksprime tèt ou!

Eksitasyon vwa ou se yon envitasyon pou patisipe nan eksperyans lan.

- A Fè yon konvèsasyon k ap kontinye sou sa k ap pase nan istwa a.
- B Poze epi reponn kesyon sou sa k ap pase nan liv la.
- C Lonje dwèt ou sou bagay ki nan paj la epi ankouraje obsèvasyon yo.
- D Konekte sa k ap pase nan liv la avèk eksperyans pitit ou.



Department of  
Early Education and Care





# Fason pou pale sou liv

Men kijan pou analize liv pou ou kapab fè moman lekti vin moman devlopman sèvo tou!



## Fè lekti vin yon aktivite tanzantan

- A | Kominike epi angaje. Pa li pou yon timoun, li avèk timoun nan pito. Poze kesyon epi kite li vire paj yo.
- B | Lè ou fè yon diskisyon sa devlope ladrès nan langaj ak konpetans pou li ak ekri, epitou sa kreye koneksyon nan devlopman sèvo a.


## Konekte liv avèk monn ki reyèl ak pi gwo a

Eksitasyon nan vwa ou ap enteresan epi li se yon envitasyon pou timoun nan patisipe nan eksperyans lan.

- A | Èske se pèsonaj tankou moun li konnen?
- B | Èske ou te fè yon bagay ki rive nan liv la rive pou li?
- C | Divilge sa ou konnen sou kote istwa a ap fèt ak sou yon bagay nan liv la ki atire enterè.

## Vini avèk novo konsèp yo

- A | Eksplike kijan yon liv li depi devan pou rive dèyè oswa depi adwat pou rive agòch.
- B | Montre kijan chak fraz kòmanse avèk yon lèt majiskil epi li fini avèk yon siy ponktiyasyon.
- C | Chèche pwen eksklamasyon yo. Yo vle di yon bagay ki enteresan ampil pase nan istwa a!



## KESYON POU POZE:

- ★ Kisa desen sa a di nou sou sa ki ta pase answit nan istwa a?
- ★ Èske sa te janm pase ou?
- ★ Kisa ki ta ka pase answit?
- ★ Ki kote li te ale? Pou kisa li te fè sa?

- ★ Kijan ou panse sa te fè li santi li?
- ★ Ki pati ou te pi renmen? Pou kisa ou te renmen li?
- ★ Mwen mande mwen si...?
- ★ Sa a se yon bon kesyon. Èske ou gen plis?

